

# Fòmilè Konsantman pou Operasyon ak Kè Ouvè

## DOKTÈ A(YO):

diskite sou pwoblèm medikal mwen an avèk mwen e li(yo) ) eksplike mwen entèkansyon ki annapre a ke mwen pral sibi a(yo) avèk mo fasil mwen konprann nèt. Mwen konprann doktè/chirijyen mwen an gen dwa deziyen asistan, asosye, rezidan, entèn, asistan teknik, ak lòt pwofesyonèl medikal li jije ki nesèsè pou ede li nan entèkansyon an(yo) ki nan lis pi ba a.

Entèkansyon an(yo):

1. Yo mete m okouran epi mwen konprann nèt risk ak posibilite konplikasyon ki genyen yo nan entèkansyon ki dekri pi wo a ak lòt chwa ki akseptab medikalman an(yo) apa li(yo), sa gen ladan opsyon refize entèkansyon sa a(yo). Pami risk konplikasyon sa yo gen dwa genyen: senyman ki egzije transfizyon san oswa pou mwen retounen nan sal operasyon pou yo ranje sa, donmaj nan nè, konplikasyon nan kè, nan fwa, nan ren oswa nan poumon ak/oswa menm nan ka ra lanmò. Gen posibilite tou pou gen omwen yon konplikasyon pandan peryòd apre operasyon an ki anpeche mwen refè nòmalman. Pami konplikasyon sa yo gen: respirasyon atifisyèl alontèm, konfizyon, akimilasyon likid nan poumon yo, nemoni, batman kè anòmal, lafyèv ak rezilta laboratwa anòmal. Eitou gen dwa gen enfeksyon, gerizon ki pran tan ak/oswa mak kote yo te koupe pou fè operasyon sa a e sa gen dwa egzije plis tretman sa gen ladan operasyon pou ranje sa. Gen anpil lòt konplikasyon ki ka rive e menm si yo rive mwen souvan yo poze risk e ka yon andikap pou pasyan an.
2. Mwen dakò ak posibilite pou yo mete yon ponp ak ti balon nan awòt la si sa ta vin nesèsè pou ede kè a ak sikilasyon an tanporèman.
3. Yo di mwen gen posibilite gwo senyman e mwen dakò pou yo eksplòre ankò pou senyman owa enstabilite si sa ta vin nesèsè.
4. Mwen konprann doktè mwen an gen dwa dekouvri lòt pwoblèm medikal oswa pwoblèm medikal diferan ki gen dwa egzije entèkansyon ki diferan de sa ki te planifye yo. Si ta gen nenpòt pwoblèm medikal enprevi ki prezante pandan entèkansyon an, avèk dokiman sa a mwen otorize ak mande pou doktè a ak asosye sa yo, asistan teknik yo, ak lòt pwofesyonèl medikal yo pran kèlkeswa mezi ki nesèsè yo pou fè entèkansyon yo jije ki rekòmande yo, ki gen dwa anplis oswa diferan de sa ki planifye yo e ke yo diskite avè m yo.
5. Yo byen fè mwen konnen e mwen rekonèt pratik medsin ak operasyon se pa yon syans egzak epi yo pa ban mwen ankenn garanti ni asirans sou rezilta yo atann yo.
6. Mwen dakò entèkansyon doktè a(yo) ak asosye li(yo) ki pi wo a pwopoze a(yo)

## Itilizasyon Pwodu San:

Mwen konprann risk yo ak posibilite pou gen nesèsite pou sèvi ak pwodu san e **MWEN DAKÒ / MWEN PA DAKÒ (Antoure Yon Sèl)** pou yo ban mwen san oswa pwodu san pandan entèkansyon mwen an ak/oswa tretman ki gen pou wè avèk li, depi doktè sa yo k ap okipe mwen yo jije sa nesèsè, san garanti an rapò ak san oswa konpozan san sa yo.

## Eliminasyon Tisi:

Mwen dakò pou otorite lopital la jete tout tisi, pati, ògàn, oswa ekstremitè/manm yo ta wete nan kò mwen nan kad entèkansyon mwen an(yo). Tisi ak/oswa ògàn yo, ki pa nesèsè ankò pou dyagnostik, gen dwa sèvi ak/oswa yo ka pran foto yo pou rechèch ak edikasyon nan HCA Florida JFK Hospital, ak etablisman ansèyman li yo oswa pou piblikasyon nan yon atik ki gen pou wè ak rechèch medikal pou edikasyon medikal.

HCA Florida JFK Hospital, Atlantis, FL 33462  
CONSENT FOR OPEN HEART SURGERY - Creole

Patient Identification/Label



# Fòmilè Konsantman pou Operasyon ak Kè Ouvè

## **Foto/Obsèvatè:**

Mwen dakò pou yo pran foto, videyo oswa lòt anrejistreman pandan entèvansyon sa a nan objektif fè edikasyon medikal la vanse jan doktè mwen an(yo) gen dwa otorize sa epi pou yo kite antre obsèvatè kalifye nan sal operasyon/entèvansyon an dapre sa lopital la deside.

## **Aparèy Medikal:**

Pou respekte kondisyon Lwa sou Sekirite Aparèy Medikal 1990 la, mwen dakò bay nimewo sekirite sosyal mwen pou yo kapab suiv yon aparèy medikal yo mete andedan mwen.

## **Pwodui Kontras:**

Mwen konprann risk yo epi mwen dakò pou yo ban mwen pwodui kontras (koloran) pandan sèten entèvansyon dyagnostik depi doktè k ap okipe mwen yo jije sa nesèsè. M aksepte tout risk ki genyen nan itilizasyon pwodui kontras yo sa gen ladan, pami lòt bagay, reyaksyon alèjik, kè plen, twonboflebit, itikè, oswa ensifizans renal. Raman anpil, ou ka fè kriz opresyon, tansyon ou ka bese, oswa kè ou ka rete epi yo gen dwa oblije ba ou tretman medikal pou korije pwoblèm medikal sa yo. Nan ka ki ra nèt, gen lanmò ki rive.

**Mwen li e mwen konprann tout sa ki pi wo a, e mwen te gen chans poze kesyon sou entèvansyon an(yo), e yo reponn kesyon mwen yo yon jan ki satisfè mwen.**

\_\_\_\_\_  
Siyati Pasyan an

\_\_\_\_\_  
Non an Lèt Detache

\_\_\_\_\_/\_\_\_\_\_  
Dat Lè

\_\_\_\_\_  
Siyati Temwen an

\_\_\_\_\_  
Non an Lèt Detache

**Si pasyan an pa kapab bay konsantman oswa si se yon minè, ranpli sa ki annapre a:**

**Pasyan an pa kapab bay konsantman poutèt** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Siyati Reprezantan Otorize a

\_\_\_\_\_  
Non an Lèt Detache

\_\_\_\_\_/\_\_\_\_\_  
Dat Lè

\_\_\_\_\_  
Sa li Ye pou Pasyan an

\_\_\_\_\_  
Temwen (Siyati ak Tit)

\_\_\_\_\_  
Non an Lèt Detache

\_\_\_\_\_/\_\_\_\_\_  
Dat Lè

## **SÈTIFIKASYON DOKTÈ A**

NON DOKTÈ A/CHIRIJYEN AN: \_\_\_\_\_

Avèk dokiman sa a mwen sètifye pasyan an oswa yon moun ki gen otorizasyon aji pou li:

1. Resevwa tout enfòmasyon nan men mwen oswa nan men asosye doktè mwen yo, avèk mo fasil pasyan an ka konprann, sou nati entèvansyon an(yo), sou lòt chwa ki akseptab medikalman apa tretman an, ak sou konsekans ak risk ki genyen nan entèvansyon an(yo) oswa ki asosye avèk li(yo), ak chans pou pasyan an rive nan bi li yo.
2. Otorize pou yo fè entèvansyon an(yo).

\_\_\_\_\_  
Siyati Doktè a

\_\_\_\_\_  
Non an Lèt Detache

\_\_\_\_\_/\_\_\_\_\_  
Dat Lè

**HCA Florida JFK Hospital, Atlantis, FL 33462**  
CONSENT FOR OPEN HEART SURGERY - Creole



\*TREAT\* HCAFL-H-JFK-00246-C Rev. 10/16 Page 2 of 2

Patient Identification/Label